


Byenveni nan Pwosesis Admisyon Lekòl Presegondè

2019-2020


Biwo Enskripsyon Elèv



Kòman ou ka aplike?

- Kòmansman Oktòb
 - Jwenn aksè nan aplikasyon lekòl segondè pèsonalize pitit ou a nan MySchools*
 - ***MySchools** se alafwa yon anyè ak yon aplikasyon pèsonalize sou entènèt pou pitit ou a. L ap gen ladan kòm opsyon chak lekòl presegondè kote pitit ou a elijib pou ale.
- 2 desanm pou pi ta
 - Ajoute jiska 12 pwogram nan aplikasyon lekòl presegondè pitit ou a epi mete yo nan vrè lòd preferans ou
- Mas
 - 1 òf

Kòman ou ka aplike? (suit)



- Paran/responsab elèv kreye yon kont avèk adrès imèl pèsonèl yo.
- Pou yo ajoute yon timoun nan kont yo y ap bezwen:
 - # ID elèv la (OSIS)
 - Kòd kreyasyon kont la (li nan lèt envitasyon yo te voye lakay ou a; aou ka jwenn li tou nan lekòl la)

Sipò pou aplikasyon an ap disponib an Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.

Jwenn aksè ak gade aplikasyon pitit ou a

Lè w ale nan aplikasyon an, **asire pou gade tout enfòmasyon sou pitit ou a:**

- ✓ Asire w tout enfòmasyon pèsonèl, ladan adrès pitit ou a kòrèk.
- ✓ Asire w dosye akademik pitit ou a konplè ak kòrèk.

Ou bezwen yo ede w :

- Pale avèk konseye pedagojik ou a
- Vizite yon sant byenveni pou fanmi
- Rele nou nan **718-935-2009**

Si ou wè nenpòt bagay nan aplikasyon w lan ki pa kòrèk, kontakte lekòl kote pitit ou a ye kounye a pi vit posib.

Nan ki lekòl mwen ka aplike?

Lè ou antre nan kont MySchools, w ap jwenn yon lis pèsonealize lekòl pou chwazi ladan yo. Tout lekòl leta DOE kote pitit ou a ka aplike ap sou lis sa a:

- **Lekòl ki pou sektè zòn ou abite *Zoned School****
 - Pou konnen si w gen yon lekòl pou sektè zòn ou an ale nan schools.nyc.gov/Find-a-School
- **Lekòl distri yo**
 - Timoun ki abite nan yon distri epi ki ale lekòl nan yon distri diferan, elijib pou aplike pou lekòl presegondè nan toude distri yo.
- **Lekòl pou tout Borough a**
- **Lekòl pou tout Vil la**

Lekòl charter gen yon pwosesis admisyon separe epi yo pa fè pati aplikasyon lekòl presegondè a.

Chwazi lekòl pou aplikasyon pitit ou a


Gade tout opsyon lekòl presegondè ou genyen nan MySchools ak ajoute pwogram nsn aplikasyon w lan.

Kòman pou chwazi ki kote pou aplike? Konsidere bagay sa yo:

- Kòman pitit ou a ap fè ale-retou lekòl la chak jou? Si w al vizite lekòl se yon bon fason pou wè kòman trajè a ye ak konbyen tan li pran w!
- Kisa ki fè lekòl la espesyal? Eske gen kou akademik, club, aktivite espesifik, oswa espò ki atire oumenm ak pitit ou a?
- Konbyen elèv ki gen nan lekòl la?

Kòman elèv jwenn òf nan lekòl presegondè

- **Chwa sou aplikasyon an**
 - Pwogram ou mete sou aplikasyon pitit ou a AK lòd ou klase yo a.
- **Priyorite pou admisyon**
 - Lòd yo konsidere gwoup aplikan
- **Metòd admisyon**
 - Fason yo mete yon elèv nan yon plas
- **Plas disponib**
 - Kantite plas ki disponib pou aplikan



Ranpli aplikasyon pitit ou a


- Ajoute jiska 12 pwogram sou aplikasyon pitit ou a. Si yon lekòl gen plizyè pwogram, ou ka aplike nan yon pwogram oswa nan plizyè pwogram nan lekòl sa a.
- Sonje pou klase yo nan vrè lòd preferans ou, kote w ap mete pwogram ou pi renmen an kòm #1.
- Se aplikasyon fanmi ki mennen pwosesis admisyon an. Bagay ki pi enpòtan ou ka fè se voye yon aplikasyon konplè ale avèk pwogram ou ta pi renmen pitit ou a ale a.
- Voye aplikasyon an ale pou pi ta **2 desanm 2019**.

Ranpli aplikasyon pitit ou a

- Konsèy | Apre w fin ajoute pwogram ou pi renmen yo, li ta bon pou ajoute plis chwa sou aplikasyon w lan.
- Konsèy | Klase pwogram ou ta pi pito ale pi wo pase pwogram sektè zòn ou an oswa lekòl ou ye ki gen klas presegondè a.
- Sonje, si w pa jwenn òf nan yon pwogram you te mete sou aplikasyon w lan, y ap voye nan yon pwogram ki gen plas disponib nan distri w la.

Priyosite pou admisyon

Nan kèk lekòl, yo konsidere elèv nan gwoup. Yo konsidere tout elèv ki nan premye gwoup priyosite a avan. Si gen plas disponib, y ap konsidere elèv ki nan dezyèm gwoup priyosite a apre, epi y ap kontinye konsa.



Admissions Priorities

1. Yo bay elèv ak moun ki abite nan distri a priyosite
2. Apresa, priyosite pou elèv ak moun ki abite nan Bronx

Sa vle di **tout elèv ki abite oswa ki ale lekòl nan distri a** ki mete pwogram sa a nan aplikasyon yo, y ap konsidere yo avan **lòt elèv ki abite Bronx** ki mete pwogram sa a nan aplikasyon yo.

Metòd admisyon

Yon metòd admisyon se fason yon pwogram lekòl konsidere elèv pou plas ki disponib. Metòd admisyon sa yo **pa** gade okenn enfòmasyon akademik:

- **Sektè/zòn**

- Dapre adrès

- **Tirajosò**

- Lotri

- **Patisipasyon nan sesyon enfòmasyon**

- Chwa paaza, men y ap mete elèv nan yon gwoup priyorite pi wo lè yo siyen kaye prezans lan nan yon aktivite lekòl la.

Konsèy | Si w ap aplike nan yon pwogram ki mande “patisipasyon nan yon sesyon enfòmasyon”, vizite l epi mete non w sou lis!

Metòd admisyon (Suit)

Yon metòd admisyon se fason yon pwogram lekòl konsidere elèv pou plas ki disponib. Metòd admisyon sa yo **gade** enfòmasyon akademik:

- **Evalyasyon dosye akademik**
 - Lekòl la klase elèv yo dapre dosye prezans nan klas 4yèm ane, egzamen eta ak nònt nan klas. Lòt kondisyon ka egziste
- **Evalyasyon lang**
 - Baze sou lang elèv la pale lakay li, konpetans elèv la nan lang anglè, ak/oswa kantite ane elèv la ap viv Etazini
- **Nòt konpoze (Composite Score):**
 - Yo admèt elèv dapre yon nòt yo kalkile apati kanè klas 4yèm ane, egzamen ofisyèl Eta a, prezans ak konduit

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo chwazi elèv pou pwogram sa yo, tanpri kontakte lekòl presegondè yo dirèkteman.

Òf ak Lisdatant

- Tout elèv ap resevwa yon sèl òf pou lekòl presegondè nan mwa mas.
- Apati ane sa a, fanmi ki ta renmen pitit yo ale nan yon kote diferan avèk òf yo fè yo nan mwa mas la ap kapab itilize lisdatant.
- Y ap mete elèv otomatikman sou lisdatant pou tout pwogram yo te klase pi wo pase pwogram kote yo resevwa òf la.
- Fanmi ka ajoute yo tou sou lisdatant nan Myschools.
- **Bagay ki pi enpòtan fanmi ka fè se byen ranpli yon aplikasyon lekòl presegondè.**
- Ap gen plis enfòmasyon sou lisdatant nan lèt òf w ap resevwa nan mwa mas la.

Dat enpòtan

Otòn	Al patisipe nan open houses ak fwa lekòl presegondè Kontakte lekòl dirèkteman pou konnen kilè pou vizite.
Kòmansman Oktòb	Jwenn aksè nan aplikasyon lekòl segondè nan MySchools*
Desanm 2	Aplike nan lekòl presegondè pou pi ta Lendi 2 desanm 2019
Mas	Resevwa òf lekòl presegondè pitit ou a

Resous

Jwenn plis enfòmasyon

- Anyè Lekòl Presegondè 2019 NYC
| [myschools.nyc](https://www.schools.nyc.gov)
- Bilten pa imèl pou admisyon nan Lekòl Presegondè
| schools.nyc.gov/Connect
- Lekòl pou sektè w la
| schools.nyc.gov/Find-a-School

Jwenn èd avèk aplikasyon w lan

- Konseye lekòl ou a
- Ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (*Family Welcome Center*)
| schools.nyc.gov/WelcomeCenters
- Biwo Enskripsyon elèv
| **718-935-2009**